

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kabudayaan dina enas-enasna mah mangrupa kréatifitas tina sarupaning paripolah dina kahirupan manusa, boh nu sifatna spiritual, boh matérial. Ieu hal luyu jeung kabiasaan manusa dina nyumponan kabutuhan hirupna sangkan mampuh nyiptakeun tatanan kahirupan anu luyu jeung norma-norma di masarakat.

Koentjaraningrat (1985, kc.2) nétélakeun aya tujuh unsur kabudayaan, nyaéta: (1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan, (2) sistem sosial jeung organisasi, (3) sistem pangaweu, (4) basa, (5) kasenian, (6) sistem pakasaban, jeung (7) sistem pakakas jeung téhnologi.

Sangkan kabudayaan tetep kajaga, tangtuna merlukeun prosés ngawariskeun ka unggal generasi. Prosés ngawariskeun budaya anu sipatna turun-tumurun geus jadi kabiasaan di masarakat disebut tradisi. Saluyu jeung katerangan Esten (1999, kc.60) tradisi nyaéta kabiasaan turun-tumurun sakelompok masarakat nurutkeun ajén budaya. Tradisi mangrupa gambaran sikep jeung paripolah manusa anu geus ngaliwatan prosés dina waktu nu lila. Hal nu paling penting dina ngawariskeun tradisi nyaéta ayana informasi anu diteruskeun ti generasi ka generasi boh sacara lisan atawa tinulis. Tapi teu salilana, tradisi nu diwariskeun bisa ditarima ku generasi saterusna. Perlu ayana gawé bareng antara generasi kolot jeung generasi ngora pikeun prosés pewarisan tradisi. Ku ayana pintonan-pintonan, konsisténsi pelaksanaan acara, pelatihan-pelatihan mangrupa cara pikeun ngajaga pewarisan hiji tradisi (Dewi, 2014, kc.1).

Dina daur hirup manusa dikenal upacara-upacara anu sipatna ritual adat, saperti: upacara adat mangsa keur kakandung, upacara adat ngabagéakeun orok, upacara adat jatukrami, jeung upacara adat kapapaténan. Upacara adat anu dilakukeun tangtuna miboga udagan séwang-séwangan. Upacara-upacara adat nu aya di masarakat mangrupa bagian tina sistem budaya sabab mangrupa *manifestasi* tina konsepsi-konsepsi ideal anu miboga fungsi pikeun ngarahkeun masarakat ngama'naan kahirupan. Sistem ajén budaya miboga fungsi pikeun acuan moral jeung tindakan, sarta digunakeun pikeun mertahankeun éksistensi komunitas (Asis, 2015, kc.381). Upacara adat mangrupa salah sahiji wangun réalisasi wujud kabudayaan anu mangrupa hiji kompléks aktivitas kalakuan anu

miboga pola ti manusa dina masarakat anu disebut system sosial (Endahwati, spk., 2012, kc.65).

Masarakat Sunda miboga sababaraha tradisi nu dijaga sarta terus dimekarkeun. Salasahiji tradisi nu aya dina Sunda hususna di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka nyaéta upacara anu marengan lahirna orok anu disebut tradisi Ngarupus. Tangtu ieu tradisi miboga ciri has sarta daya irut sorangan lantaran patali jeung kahirupan awal manusa di alam dunya.

Ngarupus kecap asalna nyaéta rupus, hartina pagawéan nurunkeun orok ka buruan, ka pipir, ka unggal tempat di jero imah sangeus orok umur 40 poé ku indung beurang bari dituduh-tuduhkeun ka orok d.a. tuh langit, tuh béntang, tangkal, bumi jll. Kabéh boga Ujang at. Euis; (Danadibrata, 2009, kc. 591). Sacara prak-prakanana, tradisi Ngarupus dipingpin ku indung beurang. Biasana kulawarga anu rék ngayakeun acara tradisi Ngarupus nataharkeun sarat-sarat anu kudu dicumponan.

Di Majalengka, Upacara Ngarupus téh dilaksanakeun sabada poé kasalapan keur orok awéwé atawa poé kasabelas keur orok lalaki. Dina prak-prakanana, naon-naon anu dilaksanakeun jeung kalengkepan-kalengkepan tina tradisi téh teu bisa dileupaskeun tina ajén-ajén falsafah kahirupan urang Sunda. Ku kituna, unggal kagiatan nu aya patalina jeung tradisi kaasup Ngarupus loba hal-hal anu matak teu pikahartieun logika. Tapi lamun diteuleuman, sakabéhna ogé miboga ajén-inajén kahirupan anu jero ngaliwatan simbol-simbol.

Sangkan ajén-inajén anu nyangkaruk dina tradisi Ngarupus kapaluruh, salasahijina bisa ngagunakeun élmu struktural jeungsemiotik. Strukturalisme mangrupa cabang atawa modél pamikiran dina widang filsafat anu ngébréhkeun struktur pangjerona (batin) dina hiji réalitas anu rupa-rupa sacara ilmiah, hartina ngalakukeun métode sacara objéktif (Susanto, 2012, kc. 80-90). Sedengkeun semiotik nyaéta élmu anu maluruh tanda dina kahirupan manusa. Semiotik ngulik mangpirang-pirang ciri dina hiji kabudayaan salaku tanda anu dima'naan ku masarakatna (Hoed, 2011, kc. 44).

Salian ti éta, Pierce dina Santosa (1993, kc.10), ngabagi tilu rupa hubungan kanyataan jeung wangun dasarna, nyaéta: (1) ikon, nyaéta hiji hal anu ngalaksanakeun pungsina salaku *penanda* anu sarupa jeung wangun objékna (saperti dina gambar lukisan), (2) indeks, nyaéta hiji hal anu ngalaksanakeun pungsina salaku *penanda* anu méré isarat kana tandana, jeung (3) simbol, nyaéta hiji hal anu ngalaksanakeun pungsina salaku *penanda* anu ku aturan sacara konvénsional geus bisa digunakeun di masarakat.

Sanggeus unsur semiotik nu aya dina tradisi Ngarupus kaguar, hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran, nyaéta bahasan budaya anu dilarapkeun dina pangajaran Basa Sunda di kelas XI. Bahasan budaya ngeunaan tradisi Ngarupus dipiharep bisa jadi salasihiji alternatif bahan pangajaran anu bisa ngeuyeuban pangaweruh siswa ngeunaan budaya Sunda.

Tradisi Ngarupus nepi ka kiwari can aya nu nalungtik. Padahal kagiatan-kagiatan tradisi Ngarupus nepi ka ayeuna masih rutin dilaksanakeun. Aya nu kungsi nalungtik upacara anu marengan lahirna orok nyaéta ku Uus Sugiana ti Prodi S2 Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda, nu judulna *Tradisi Ngayun di Kecamatan Rawamerta Kabupatén Karawang (Tilikan Struktural-Semiotik)*. Éta panalungtikan téh ngahususkeun kana tradisi ngayun. Tradisi ngayun kaasup salasihiji tradisi nu aya dina Ngarupus, tangtuna masih aya sababaraha ritual séjén dina prak-prakanana. Ku kituna, nu nalungtik ngarasa kataji pikeun nalungtik ngeunaan upacara adat Ngarupus utamana ditilik tina segi struktur jeung unsur-unsur semiotikna. Ieu panalungtikan téh baris dijudulan “Ulikan Struktural jeung Semiotik kana Tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan Budaya Sunda di SMA”

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan panalungtikan leuwih gampang, ditangtukeun heula masalah dina ieu panalungtikan, saperti nu dirumuskeun dihandap:

- 1) Kumaha déskripsi tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka?
- 2) Kumaha struktur prosési upacara adat Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka?
- 3) Unsur semiotik naon waé nu nyampak dina tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka?
- 4) Kumaha implikasi hasil panalungtikan tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka pikeun bahan pangajaran maca bahasan budaya Sunda di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu mibanda dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskriskeun tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka ditilik tina jihat struktur jeung semiotic, sarta hasilna dijadikeun alternatif bahan pangajaran.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina panalungtikan ieu nyaéta ngadéskriskeun:

- 1) déskripsi tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka;
- 2) struktur prosési upacara adat Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka;
- 3) unsur semiotik nu nyampak dina tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka; jeung
- 4) implikasi hasil panalungtikan tradisi di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka pikeun bahan pangajaran maca bahasan budaya Sunda di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat tioritis jeung praktis. Pedaran ngeunaan mangpaat tina ieu panalungtikan diébréhkeun di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan antropologi budaya, utamana pikeun aprésiasi budaya. Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nyangking ajén-inajén sarta fungsi nu nyangkaruk dina tradisi Ngarupus.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dipiharep jadi tinimbangan dina nangtukeun kawijakan pikeun ngamumulé tradisi Ngarupus anu prak-prakanna masih dilaksanakeun. Éta kawijakan téh bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran di sakola.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) Pikeun guru, nyaéta dijadikeun sahiji alternatif bahan ajar bahasan budaya Sunda;
- 2) Pikeun peserta didik, nyaéta méré pangaweruh ngeunaan tradisi Ngarupus;
- 3) Pikeun masarakat, bisa méré informasi ngeunaan sajarah kamekaran, struktur prosési, fungsi jeung ma'na nu aya dina upacara adat Ngarupus; jeung
- 4) Pikeun nu nalungtik, panalungtikan ieu bisa méré pangaweruh sarta pangalaman anu kacida gedéna hususna dina nalungtik struktur jeung semiotik ngeunaan tradisi Ngarupus.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Ditilik tina mangpaat isu jeung a

ksi sosial, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré motivasi jeung ngaronjatkeun kasadaran masarakat sangkan leuwih merhatikeun, ngajaga sarta bisa ngawariskeun tradisi Ngarupus ka generasi saterusna.

1.5 Sistematika Panulisan

Bab I bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan.

Bab II ulikan pustaka atawa landasan tiori, anu eusina medar ngeunaan tiori-tiori budaya, strukturalisme, semiotik, jeung bahan pangajaran; panalungtikan saméméhna ngeunaan tradisi Ngarupus; jeung kalungguhan tiori panalungtikan nu dipaké ku panyusun dina ieu panalungtikan.

Bab III métodeu panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV hasil jeung pedaran, anu eusina medar ngeunaan sajarah kamekaran tradisi Ngarupus, fungsi tradisi Ngarupus, struktur upacara tradisi Ngarupus, unsur semiotik nu kapanggih dina tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka, sarta implikasi hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca bahasan budaya Sunda di SMA.

Bab V kacindekan jeung rékomendasi, anu eusina medar kacindekan tina hasil panalungtikan sarta rékomendasi sangkan bisa méré mangpaat pikeun ka hareupna.